

**PENGEMBANGAN MEDHIA FLASH FOTO CRITA SINAMBUNG KANGGO NGUNDHAKAKE
KAWASISAN NULIS TEKS DHESKRIP SISISWA KELAS VII SMP NEGERI 1 KEDUNGPRING,
KABUPATEN LAMONGAN TAUN AJARAN 2018/2019**

Dyah Ayu Purwaning Suminar
Pembimbing: Dra. Hj. Sri Wahyu Widayati, M.Si
S-1 Bahasa dan Sastra Daerah (Jawa)
Fakultas Bahasa dan Seni
Universitas Negeri Surabaya
dyahsuminar@mhs.unesa.ac.id

ABSTRAK

Siswa Kelas VII SMP Negeri 1 Kedungpring Lamongan sajrone piwulangan nulis teks dheskripsi isih kurang. Adhedhasar asil observasi lan asil analisis kabutuhan siswa antuk rata-rata 2,27 kang kalebu isih kurang njangkapi kompetensi. Pengembangan medhia diperlokake banget kanggo ngundhakake kawasisan nulis siswa. Medhia kang dikembangake ing panliten iki yaiku medhia *Flash* Foto Crita Sinambung kanggo ngundhakake katrampilan nulis teks dheskripsi siswa kelas VII SMP Negeri 1 Kedungpring, Kabupaten Lamongan.

Underan saka panliten iki, yaiku (1) Kepriye proses pangembangan medhia *Flash* Foto Crita Sinambung?, (2) Kepriye efektivitase medhia *Flash* Foto Crita Sinambung?, (3) Kepriye tanggapan siswa kelas VII SMP Negeri 1 Kedungpring Lamongan kanggo panganggane medhia *Flash* Foto Crita Sinambung minangka medhia pasinaon?. Ancas saka panliten iki, yaiku (1) Proses pangembangan medhia *Flash* Foto Crita Sinambung, (2) Efektivitase medhia *Flash* Foto Crita Sinambung, (3) Tanggapan siswa kelas VII SMP Negeri 1 Kedungpring Lamongan kanggo panganggane medhia *Flash* Foto Crita Sinambung minangka medhia pasinaon.

Panliten iki kalebu jinis panliten pengembangan. Modhel pengembangan kang digunakake yaiku R&D (*Research & Development*) adhedhasar proses pengembangan Borg and Gall. Dhesain panliten nggunakake *Quasi Eksperimental Design* awujud *pre-test – post-test control group design*. Asil proses pengembangan saka validhator ahli medhia yaiku antuk biji persentase 70% kang ateges kwalitas medhia kagolong “apik”. Asil pambiji saka validhator ahli materi yaiku antuk biji persentase 93% kang ateges isi materi kagolong “apik banget”. Asilefektifitas kelas eksperimen lan kelas kontrol ing panliten I iki antuk $t_{itung} = 9,36 \geq t_{tabel} (0,05 \text{ db}=55) = 2,004$. Ateges asil t_{itung} kasebut signifikan yen “ H_0 ditolak” lan H_1 “ditampa”. Asil panliten II saka *pre-test* lan *post-test* kelas eksperimen lan kelas kontrol ngasilake $t_{itung} = 2,437 \geq t_{tabel} (0,05 \text{ db}=55) = 2,004$. Ateges signifikan, lan bisa didudut yen “ H_0 ditolak” lan “ H_1 ditampa”. Dideleng saka asile pambadhing kasebut bisa didudut yen medhia *Flash* Foto Crita Sinambung bisa ngundhakake katrampilan nulis teks dheskripsi.

Asil tanggapan medhia ing kelas uji instrumen kang antuk rata-rata persentasene 92,2%. Adhedhasar saka asil itungan respon siswa ing kelas uji instrumen kagolong “apik banget”. Asil respon siswa kang kaping pindho yaiku asil saka kelas eksperimen kang rata-rata persentasene 92,3%. Adhedhasar asil itungan respon siswa kelas eksperimen kagolong “apik banget”. Yen dideleng saka asil respon siswa kelas uji instrumen lan kelas eksperimen bisa didudut medhia *Flash* Foto Crita Sinambung apik banget kanggo pasinaon nulis teks dheskripsi, semana uga siswa ngrasa luwih semangat lan seneng anggone nampa materi teks dheskripsi lan bisa luwih kasih anggone nulis teks dheskripsi tinimbang ora nggunakake medhia.

Tembung Wigati : Medhia *Flash* Foto Crita Sinambung, katrampilan nulis.

PURWAKA

Kahanan ing era globalisasi iki panganggane basa nduweni *peran* kang wigati banget, amarga saben tumindak kang ditindakake dening manungsa ora bisa uwal saka basa. Ing jaman kang modern iki kabeh informasi disuguhake kanthi cepet lumantar medhia kang maneka warna. Kamunikasi dadi salah sawijine bab kang wigati amarga kemampuan komunikasi kanthi apik, bener, efektif lan efisien dadi tuntutan mutlak. Mula, katrampilan basa nyemak, wicara, maca lan nulis dadi bab kang kudu dikuwasani.

Basa minangka piranti kanggo sesrawungan, kanthi basa manungsa bisa ngandharake apa kang dadi kekarapane ing antarane, rasa pangrasa kayata

susah, bungah lan sapanunggalane. Semono uga, ing babagan basa kang diucapake saka utawa salah bawane, panutur lan mitra tutur bisa ngerteni apa kang dikarepake. Miturut Pairin (2002:19) basa yaiku piranti utama kanggo guneman ing masyarakat. Tegese basa iku wigati banget kanggo guneman marang wong liya. Sajrone ngandharake basa uga mbutuhake katrampilan.

Katrampilan basa miturut Nida lan Harris (sajrone Tarigan, 2008:1) dumadi saka patang unsur, antarane: katrampilan nyemak (*listening skill*), katrampilan wicara (*speaking skill*), katrampilan maca (*reading skill*), lan katrampilan nulis (*writing skill*). Katrampilan basa sejatine nduweni sesambungan, jalaran katrampilan basa

siji lan katrampilan basa liyane nduweni pangaribawa kang ora bisa dipisahake.

Wujud katrampilan basa kang bakal diandharake yaiku nulis. Katrampilan nulis miturut Morsey (sajrone Tarigan, 2008:4), yaiku sawijine samubarang kang gunane kanggo nglaporake, menehi weruh, lan menehi pangribawa. Wong sing maca bisa ngerteni maksud lan tujuwane panulis yen tulisan iku mau diandharake gumantung pamikiran klompok, pamilihane tembung, lan struktur ukara kang dienggo. Jinis ukara antara liya yaiku teks dheskripsi.

Teks dheskripsi yaiku teks kang nggambarake objek kanthi gamblang. Sajrone nyinaoni teks dheskripsi, siswa kudu nggayuh Kompetensi Inti lan Kompetensi Dhasar. Tahapan sajrone nyinaoni teks dheskripsi yaiku idhidentifikasi, nemtokake, nintingi, nyuguhake utawa nulis teks dheskripsi kanthi lisan utawa tulis. Tahapan mau bisa nggampangake siswa nggayuh Kompetensi Inti lan Kompetensi Dhasar sajrone nyinaoni teks dheskripsi. Teks dheskripsi uga kapacak ing kurikulum 2013, kang ngandharake, teks dheskripsi yaiku salah sijine materi pasinaon basa Jawa kelas VII SMP/MTS.

Tujuwan saka kurikulum 2013 revisi 2016 ing piwulangan abasis teks siswa dikarepake bisa nduweni Kompetensi Dhasar ngidhidentifikasi, mahami, lan nganalisis struktur teks, unsur basa, lan pesen moral sajrone teks dheskripsi kanthi lisan lan tulis. Sajrone kurikulum kasebut siswa dikarepake nduweni katrampilan nangkep makna, nyusun, nelaah, ngringkes lan nulis teks dheskripsi kanthi lisan uga tulisan. Saka kabeh katrampilan kasebut kang dirasa angel dening siswa yaiku katrampilan nulis amarga isih akeh siswa kang ngrasa kangelan nggunakake basa Jawa sajrone piwulangan.

Tarigan (2008:28) ngandharake yen teks dheskripsi yaiku karangan gagasan utama kangngandharake kang nggambarake objek kanthi gamblang lan cetha, supaya pamaca bisa ngrasakake langsung apa kang digambarake. Kanggo nggampangake nulis teks dheskripsi siswa, guru perlu nggunakake medhia pasinaon. Medhia yaiku perangan saka sumber pasinaonan kang ngandhut materi pamulangan ing wewengkone siswa kang bisa mancing siswa supaya sinau (Arsyad, 2011:4). Medhia kang anyar dibutuhake banget sajrone proses pamulangan, apa maneh ing jaman modern lan kebak teknologi kaya saiki. Medhia anyar kasebut nduweni tujuwan supaya para siswa bisa luwih gampang anggone nampa pamulangan lan ngerteni kanthi tenanan apa wae kang diwulangake.

Medhia anyar kang dipilih kanggo panliten iki yaiku medhia pasinaon nulis teks dheskripsi nggunakake *Flash Foto Crita Sinambung*. Medhia *Flash Foto Crita Sinambung* yaiku medhia pasinaon kang nggunakake sacrita banjur di foto. Foto-

fotokasebut didadekake animasi nggunakake aplikasi *adobe flash* animasi iki dirancang kanggo presentasi utawa proses piwulangan supaya luwih interaktif, spesifik lan efesien.

Kanthi nggunakake medhia *flash*, bisa ngilustrasiakake objek gambar saengga gambar kasebut kaya-kaya obah. Tujuwan pokok digunakake animasi yaiku kanggo narik kawigatene siswa sing ndeleng lan sing nggunakake. Kanthi anane animasi iki siswa kang sasuwene iki mung ndeleng gambar mati utawa ora obah, saiki bisa ndeleng gambar obah kang tamtune luwih nyenengake lan bisa dienggo mrantasi perkara ing klas, kayata klas monoton lan klas pasif.

Medhia *Flash* yaiku salah siji perangkat komputer kang wujud prodhuk unggulan saka *adobe system* (Dhanta, 2007:10). *Flash* bisa menehi sajian animasi kang narik kawigaten kanthi ukuran film kang lumrahe cilik, saengga bisa diarani luwih praktis. Animasi *flash* yaiku animasi wujud objek kang obah lan narik kawigaten kang digawe nggunakake program *flash* yaiku *macromedia flash* kang saiki luwih dikenal *adobe flash*.

Panliten iki dianakake amarga *adobe flash* dirasa cocok kanggo nuwuhake imajinasi siswa anggone ngarang teks dheskripsi. Ananane *Flash Foto Crita Sinambung* nggampangake siswa nulis teks dheskripsi amarga foto-foto kasebut ngemot rangkaian sakedadeyan. Medhia *flash* piranti kanggo proses pamulangan supaya luwih interaktif lan efektif sarta efesien. Panggunane medhia kasebut njalari selarasing antarane tujuwan kang digayuh. Guru bisa trampil anggone nggunakake medhia *flash*, siswa uga seneng lan ora pasif ing pasinaon mligine nulis teks dheskripsi.

Adhedhasar saka andharan kasebut panliti njupuk irah-irahan “Pengembangan medhia *Flash Foto Crita Sinambung* kanggo ngundhakake kawasisan nulis teks dheskripsi siswa kelas VII SMP Negeri 1 Kedungpring Lamongan taun ajaran 2018/2019” kang nggunakake modhel panliten R&D adhedhasar proses pengembangan Borg and Gall.

TINTINGAN KAPUSTAKAN

Panliten Kang Saemper

1) Leny Dyah Pitaloka (2010) kanthi irah-irahan *Dayaning Medhia Gambar Tumrap Piwulangan Nulis Tembang Macapat Siswa Kelas VIII SMPN 1 Sumbergempol Taun Ajaran 2009/2010*. Tujuwan panliten iki kanggo mangerteni dayaning medhia gambar tumrap piwulangan nulis tembang. Panliten iki nggunakake metode eksperimen kuantitatif kanthi design *Post-test Control Group Design* asile nuduhake pambeda antarane kelas kang ora nggunakake medhia. Asile panliten bisa dideleng saka analisis dhata kang nuduhake yen t-itung luwih gedhe saka saka t-table (0,05;84), yaiku

6,524 $\geq$ 2,000. Ateges pangetrapanmedhia gambar ing klas VIII SMP Negeri 1 Sumbergempol Taun Ajaran 2009/2010 kagolong signifikan, saengga bisa didudut yen medhia gambar ngundhakake kawasisan nulis tembang macapat ing kelas VIII SMPN 1 Sumbergempol Taun Ajaran 2009/2010.

2) Dewi Izzatun Nasyukha (2016) kanthi irah-irahan *Pangaribawane Medhia Sound Slide Tumrap Kawasisan Maca Geguritan Siswa Kelas VII MTS Bustanul Arifin Domas Gresik Taun Pelajaran 2014/2015*. Tujuwan panliten iki kanggo mangerteni pangaribawane medhia sound slide tumrap kawasisan maca geguritan. Metodhe kang digunakake yaiku eksperimen kuantitatif. Asile nuduhake pambada antarane kelas kang ora nerapake medhia sound slide karo klas kang ora nerapake medhia sound slide. Ing panliten 1 ngasilake titung = 6,025 $>$ 1,997 ttabel (0,05 db = 66) lan ing panliten 2 uji-t ngasilake t-itung = 3,712 $>$ 1,997 t-tabel (0,05 db = 66). Saengga bisa diweruhi yen H_0 ditolak H_1 ditampa, ateges ana pambada kang signifikan antarane kelas kontrol ora nggunakake medhia lan kelas eksperimen kang nggunakake medhia sound slide.

3) Akhlaqul Karimah (2018) kanthi irah-irahan *Pengembangan Medhia Game Flash Hidden Aksara Jawa Tumrap Kawasisan Nulis Ukara Nganggo Aksara Murda Siswa Kelas VIII SMP Negeri 4 Mojokerto Taun Ajaran 2017/2018*. Panliten iki nliti ngenani kemampuan nulis aksara Jawa siswa kelas VIII SMP Negeri 4 Mojokerto sing isih kurang, kang dibuktekake saka asil biji siswa ana ing sangisore KKM. Dhesain kang digunakake sajrone panliten iki yaiku *replece experimental* desain kang awujud *pre-test-post-test control group design*. Asil panliten I ngasilake t-itung (kelas eksperimen) = 9,80 $\geq$ t-tabel (db=30)=2,042 $\leq$ t-itung (kelas kontrol)= 6,08. Adhedhasar etungan asile signifikan yaiku biji t-itung 2,90 $\geq$ ttabel (db=60)= 2,000. Panliten II ngasilake t-itung (kelas eksperimen) = 8,46 $\geq$ ttabel (db=30)=2,042 $\leq$ t-itung (kelas kontrol)= 8,08. Adhedhasar etungan asile signifikan yaiku biji titung 3,02 $\geq$ ttabel (db=60)= 2,000. Asil efektivitas medhia *game flash* kasebut nuduhake yrn bisa ngundhakake kawasisan nulis ukara nganggo aksara murdas iswa kelas VIII SMP Negeri 4 Mojokerto Taun Ajaran 2017/2018.

4) Nia Puji Lestari (2017) kanthi irah-irahan *Pengembangan Medhia Animasi Flash Tumrap katrampilan Nyemak Ragam Basa Jawa Siswa Kelas VII SMP Negeri 2 Jombang Taun Ajaran 2017/2018*. Panliten iki nliti ngenani katrampilan nyemak siswa kelas VII SMP Negeri 2 Jombang sing isih kurang, kang dibuktekake saka asil biji siswa ana ing sangisore KKM. Dhesain kang digunakake sajrone panliten iki yaiku *quansi experimental* desain kang awujud *nonequivalent control group design*. Asil efektivitas medhia *animasi flash* ing kelas eksperimen lan kelas

kontrol uji coba I antuk titung = 2,801 $\geq$ 2,001, dene ing uji coba II antuk titung = 2,437 $\geq$ 2,004 ateges asil titung kasebut signifikan. Bisa didudut yen medhia *animasi flash* bisa ngundhakake katrampilan nyemak ragam basa siswa kelas VII SMP Negeri 2 Jombang Taun Ajaran 2017/2018.

Pambedane panliten iki lan panliten kang saemper sadurunge yaiku ing bagiyane kompetensi, medhia kang bakal digunakake sajrone pamulangan lan pamilihan objek kang beda. Panliten iki nliti babagan nulis kanthi nggunakake materi teks dheskripsi. Ing kene panliti bakal ngembangake medhia *Flash Foto Crita Sinambung*. Saka panganggone medhia pasinaon kasebut dikarepake bisa ngundhakake kawasisan nulis teks dheskripsi. Medhia *flash* iki beda karo medhia kang digunakake panliten liyane, kang dadi pambedane yaiku medhia *flash* iki nduweni limang *menu bar* kang bisa dipilih kanthi *ngeklik menu bar* kang dituju. Salah sawijine *menu bar* sajrone medhia iki yaiku gladhen. Panliten iki nggunakake foto-foto kang bakal didheskripsikake siswa. Kanthi medhia kasebut diajab bisa ndadekake semangate siswa saya gedhe, saengga siswa anggone nampa piwulangan basa Jawa mligine ngenani nulis teks dheskripsi luwih semangat lan ora aras-arasan.

METHODE PANLITEN

Jinis Penelitian pengembangan ing panliten iki yaiku *Research and Development* utawa disingkat R&D, yaiku minangka salah sawijine proses utawa tahap kanggo ngembangake prodhuk anyar utawa nyempurnakake prodhuk kang wis ana. Teges sajrone panliten iki yaiku nyempurnaake medhia pasinaon nulis teks dheskripsi nggunakake medhia *Flash Foto Crita Sinambung*. Proses R&D diarani siklus R & D, kang kasusun saka nyinaoni temuan panliten kang gegayutane karoprodhuk kang arep dikembangake, ngembangake prodhuk, Validasi lan revisi prodhuk. Tujuan panliten nganggo R & D yaiku ngembangake prodhuk medhia pasinaon *Flash Foto Crita Sinambung* kanggo kompetensi nulis teks dheskripsi kelas VII SMP Negeri I Kedungpring Kabupaten Lamongan.

Tahap panliten pangembangan sajrone panliten iki yaiku nggawe medhia kang dikembangake sarta validasi medhia nganti asil prodhuk kang efektif kanggo nyengkuyung pasinaonan. Tahap wiwitan yaiku ngembangake bahan ajar yaiku materi teks dheskripsi nggunakake medhia *flash*. *Flash* iki bakal dikembangake kanthi nggunakake foto crita sinambung. Prodhu kasebut banjur divalidasi para ahli medhia kanggo ngerteni pambiji valid utawa ora medhia kasebut. Banjur medhia kasebut digunakake kanggo nguji kelayakane medhia tumrap pasinaon nulis miturut asil pasinaon lan respon siswa kelas VII SMP Negeri 1 Kedungpring Lamongan.

Teknik ngumpulake dhata minangka perangan kang wigati. Teknik kang digunakake kanggo ngumpulake dhata sajrone panliten iki yaiku observasi, tes, angket lan wawancara.

Teknik ngumpulake dhata minangka langkah kang paling utam,a sajrone panliten, amarga tujuan utama saka panliten yaiku golek dhata. Tanpa ngerteni teknik pangumpulan dhata, mangka ora bakal ngolehi dhata sing bisa nggayuh standar sing ana (Sugiyono. 2016:308). Teknik ngumpulake dhata adhedhasar cara utawa teknik ngumpulake dhata yaiku bisa kanthi cara wawancara, angket, observasi lan nggayutake katelune.

Panliten iki sajrone ngumpulake dhata nggunakake patang teknik yaiku tes, angket, observasi lan teknik wawancara. Ing perangan iki bakal diandharake ngenani teknik kasebut.

1. Tes

Miturut Riduwan (2015:30-31) tes minangka instrumen kanggo ngumpulake dhata arupa rantaman pitakonan utawa latihan kanggo ngukur katrampilan kawruh, intelegensi, kawasisan, utawa bakat kang ana sajrone individu lan klompok.

Miturut Arikunto (2013:193) tes digunakake kanggo ngerteni kemampuan dhasar lan prestasi. Teknik tes ing panliten iki yaiku awujud pitakon utawa gladhen lan piranti liyane kang digunakake kanggo ngukur ketrampilan, kawruh, kawasisan utawa bakat sajrone indhividhu utawa klompok. Tes kang ditindakake kanggo ngerteni asil saka evaluasi kagiyatan kang ditindakake sajrone panliten iki tes kang digunakake yaiku pre-post test.

Pre-test yaiku tes kang diwenehake marang siswa sadurunge pasinaon diwiwiti. *Post-test* yaiku tes kang diwenehake marang siswa ing pungkasan proses pasinaon

2. Angket

Miturut Sugiyono (2011:142) angket yaiku teknik ngumpulake dgata kang dilakokake kanthi cara menehi saperangan pitakonan tinulis marang responden kanggo diwangsuli. Angket iki nduweni tujuan kanggo ngerteni respon siswa tumrap pangetrepane medhia *Flash Foto Crita Sinambung* sajrone piwulangan nulis teks dheskripsi .

3. Observasi

Hadi (sajrone Sugiyono, 2016:2013) ngandharake yen observasi minangka sawijine proses sing kompleks, sawijine konsep sing kasusun saka saperangan proses biologis lan psikologis. Bab iki salaras kaya apa sing diandharake Riduwan (2015:30) yen observasi yaiku nindakake panliten kanthi cara langsung marang objek panliten kanggo ngerteni saka cedhak kagiyatan sing lagi ditindakake.

Observasi yaiku njingglengi samubarang kantihi nggunakake mripat. Observasi bisa diarani pengamatan. Observasi kang ditindakake sajrone panliten iki yaiku observasi sistematis, amarga panliti nggunakake pedoman observasi ngayahi panjingglengan. Analisis lembar observasi aktivitas ini ditujukake marang guru lan siswa.

4. Wawancara

Teknik wawancara ditindakake kanggo oleh dhata kang wiwitan supaya meruhi masalah lan kahan siswa. Miturut Sugiyono (2015:138) wawancara diperang dadi loro yaiku wawancara terstruktur lan wawancara ora terstruktur. Sajrone panliten iki panliti ngunakake wawancara terstruktur marang guru mata pelajaran basa Jawa klas VII. Wawancara iki nduweni tujuan kanggo mangertene karakterisitike siswa, mangerteni teknik pasinaon sing di trepake guru, lan mangerteni prakara kang diadepi siswa sajrone pasinaon.

ANDHARAN ASIL PANLITEN

Andharan asil panliten ing bab iki adhedhasar saka underan panliten kang wis ditemtokake. Andharan asil panliten iki bakal ngandharake ngenani: 1) Pangembangan medhia *Flash Foto Crita Sinambung*, 2) Asile uji coba tingkatefektivitas medhia *Flash Foto Crita Sinambung* siswa klas VII SMP Negeri 1 Kedungpring, lan 3) Respon siswa klas VIISMP Negeri 1 Kedungpring tumrap panganggone medhia *Flash Foto Crita Sinambung*. Andharane kaya ing ngisor iki.

1. Pangembangan Medhia Flash Foto Crita Sinambung

Pangembangan medhia *Flash Foto Crita Sinambung* iki adhedhasar saka pola pangembangan miturut Borg and Gall kang dikutip sajrone Sugiyono, 2009:409). Ana sepuluh tahapan kang ditindakake sajrone pangembangan medhia pasinaon, yaiku (1) Analisis Kabutuhan, (2) Nglumpukake Dhata, (3) Dhesain Prodhuk, (7) Revisi Prodhuk, (8) Uji Coba nggunakake, (9) Revisi Prodhuk, (10) Prodhuk Masal. Andharan saka proses pangembangan medhia bakal kaandharake ing ngisor iki.

Tahap wiwitan yaiku nganalisis kabutuhan masalah. Sadurunge iku kudu luwih dhisik ngumpulake dhata. Pangumpulan dhata nggunakake angket kabutuhan siswa kang disebar ing kelas sampel yaiku VII-A, VII-B lan VII-F. Asil aka angket kasebut tata-rata ing kelas VII-A yaiku 2,30, kelas VII B 2,27, lan ing kelas VII F 2,52. Saka asil kasebut diputusake nggunakake medhi *Flash Foto Crita Sinambung* kanggo nggundhakake kawasisan nulis teks dheskripsi.

Sawise diputusake medhia kang digunakak, banjur ngumpulake dhata kang digunakake kanggo

nyusun apa kang diperlukake kanggo medhia pasinaon kang bakal dikembangake uga dadi panyengkuyunge nyusun medhia kasebut. Dhata-dhata kang dibutuhake yaiku kurikulum lan materi. Sawise iku tahap dhesain prodhuk minangka cara kang dilakokake kanggo nyusun medhia. Dhesain prodhuk iki diwujudake sajrone gambaran sadurunge didadekake medhia. Gambaran-gambaran kasebut bisa diarani *storyboard*. Tujuwan nggawe *storyboard* yaiku kanggo meruhi konsep utawa tata urutane tampilan kang bakal dikembangake, saengga karo anane *storyboard* iki bisa ngrancang tampilan medhia lan dheskripsi tampilan.

Sawise iku medhia lan materi di validhasi validhator kanggo mangerteni kuwalitas medhia cocok apa ora diterapake sajrone piwulangan teks dheskripsi siswa SMP kelas VII. Saka validhasi banjur nindakake revisi saka ahli medhia lan ahli revisi. Menawa wis layak, medhia kasebut di uji coba ing kelas intrumen kang wis dadi kelas sampel kanggo uji kalayakan. Sawise iku medhia diterapake ing kelas eksperimen kang dibandhingake kelas kontrol, kelas kang ora nggunakake medhia. Asil saka kelas eksperimen lan kelas kontrol bisa diweruhi efektivitas medhia pasinaon kang dikembangake. Asile angket kabutuhan siswa kasebut menawa HP kang njangkepi yaiku 2,50-2,99. Rata-rataing kelas VII-A yaiku 2,30, kelas VII B 2,27, lan ing kelas VII F 2,52.

Mula adhedhasar rata-rata kasebut bisa didudut yen akeh siswa kang durung sepira mangerteni teks dheskripsi lan nulis teks dheskripsi, isih akeh siswa kang ngrasa kangelan nalika nulis teks dheskripsi, akeh siswa kang isih kangelan carane nulis lan nggunakake basa Jawa

kang bener. Akeh siswa sing isih nggunakake basa campuran yaiku basa Indonesia lan basa Jawa . Jalaran saka basane lan carane mulang kang isih ngetrapake metodhe ceramah lan durung nggunakake medhia piwulangan mligine kanggo nulis teks dheskripsi. Saengga siswa sajrone nampa materi ngenani teks dheskripsi akeh kang ora semangat. Para siswa mbutuhake medhia pasinaon kanggo nulis teks dheskripsi kang bisa dadi panyengkuyung asil pasinaone.

2. Uji Efektivitas Medhia Flash Foto Crita Sinambung

Analisis asil efektifitas kang ditindakake ngandharake asile pre-test lan post-test saka kelas eksperimen lan kelas kontrol, asil saka kaloro kelas kasebut sabanjure digoleki pambedane, dibandhingake, uga bakal dimangerteni efektifitase.

Tata cara kang digunakake kanggo nganalisis dhata yaiku:

- (1) Nemtokake taraf kapercayan 95% utawa taraf signifikansi 5% ($\alpha = 0,05$), db kelas eksperimen yaiku (30-1) lan db kelas kontrol yaiku (27-1), db = 57-2 = 55, ttabel = 2,004.
- (2) Nemtokake kriteria hipotesis ditampa utawa ditolak. Kriteriane yaiku:
 $t_{hitung} \geq t_{tabel}$ = signifikan (H1 ditampa, H0 ditolak)
 $t_{hitung} \leq t_{tabel}$ = ora signifikan (H0 ditampa, H1 ditolak)

Analisis *efektifitas* kelas kontrol lan kelas eksperimen bakal diandharake ing ngisor iki.

Tabel 4.22
Analisis Asil Efektifitas Kelas Kontrol lan Kelas Eksperimen Panliten I

Kelas Kontrol					Kelas Eksperimen				
No	Biji Pre-test	Biji Post-test	X	X ²	No	Biji Pre-test	Biji Post-test	Y	Y ²
1	60	78	18	324	1	70	88	18	324
2	66	75	9	81	2	60	98	38	1444
3	60	81	21	441	3	65	82	17	289
4	50	75	25	625	4	70	96	26	676
5	45	79	34	1156	5	40	88	48	2304
6	75	87	12	144	6	45	80	35	1225
7	60	80	20	400	7	44	77	33	1089
8	65	82	17	289	8	66	98	32	1024
9	70	83	13	169	9	65	90	25	625
10	75	80	5	25	10	45	90	45	2025
11	45	68	23	529	11	78	90	12	144
12	61	77	16	256	12	67	80	13	169
13	70	85	15	225	13	65	82	17	289
14	65	75	10	100	14	65	76	11	121
15	76	91	15	225	15	80	98	18	324
16	64	80	16	256	16	85	80	-5	25

17	65	80	15	226	17	68	98	30	900
18	65	83	21	441	18	68	80	12	144
19	65	80	15	225	19	68	82	14	196
20	78	83	5	25	20	70	91	21	441
21	66	80	14	196	21	65	90	25	625
22	80	78	-2	4	22	55	98	43	1849
23	79	95	16	256	23	40	77	37	1369
24	65	87	22	484	24	60	82	22	484
25	80	82	2	4	25	78	98	20	400
26	80	78	-2	4	26	76	90	14	256
27	78	88	10	100	27	75	90	15	225
28	65	88	23	529	28	80	98	18	324
29	77	85	6	36	29	60	88	28	784
30	-	-	-	-	30	35	76	41	1681
31	-	-	-	-	31	50	84	34	1156
Σ	1950	2363	414	7775	Σ	1958	2715	757	22534

Cara ngitung *T-tessnifikan* kanthi langkah-langkah ing ngisor iki.

a. Ngitung Σx^2

$$M_x = \frac{\Sigma x}{N} = \frac{414}{29} = 14,2$$

$$\Sigma x^2 = \Sigma x^2 - \frac{(\Sigma x)^2}{N} = 7.775 - \frac{(414)^2}{29} = 7.775 - \frac{171.396}{29} = 7.775 - 5.910,2 = 1.864,8$$

b. Ngitung Σy^2

$$M_y = \frac{\Sigma y}{N} = \frac{757}{31} = 24,41$$

$$\Sigma y^2 = \Sigma Y^2 - \frac{(\Sigma Y)^2}{N} = 22.534 - \frac{(757)^2}{31} = 22.534 - \frac{573.094}{31} = 22.534 - 18.495 = 4.039$$

c. Ngitung *T-test signifikan*

$$t = \frac{|M_x - M_y|}{\sqrt{\left(\frac{\Sigma x^2 + \Sigma y^2}{N_x + N_y - 2}\right) \left(\frac{1}{N_x} + \frac{1}{N_y}\right)}} = \frac{|14,2 - 24,41|}{\sqrt{\left(\frac{1.864,8 + 4.039}{29 + 31 - 2}\right) \left(\frac{1}{29} + \frac{1}{31}\right)}} = \frac{10,21}{\sqrt{\left(\frac{5.903,8}{58}\right) \left(\frac{60}{899}\right)}}$$

$$= 9,36$$

Adhedhasar andharan asil itungan ing ndhuwur kasebut, nuduhake yen asil t_{tes} itung yaiku 9,36. Pambandhinge yaiku $t_{itung} = 9,36 \geq t_{tabel} = 2,004$. Yen dideleng saka asile pambandhing ing uji coba kasebut bisa didudut yen H_1 ditampa lan H_0 ditolak, lan miturut hipotesis kang wis ditemtokake nuduhake ana pambada kang signifikan antarane asil pasinaon kelas eksperimen lan kelas kontrol. Asil kang signifikan antarane asil pasinaon kelas eksperimen lan kelas kontrol ing uji coba iki nuduhake yen ana undhak-undhakane katrampilan nulis teks dheskripsi sawise sinau nganggo media *Flash Foto Cita Sinambung*.

Bisa didudut asil uji hipotesis saka asil itungan saka asile pasinaon siswa kelas eksperimen lan kelas kontrol. Asil itungan iki yaiku asil saka uji coba media *Flash Foto Cita Sinambung*. Rumusan hipotesis kang diuji yaiku:

H_0 = Media *Flash Foto Cita Sinambung* ora ngundhakake katrampilan nulis Teks Dheskripsi siswa kelas VII SMP Negeri 1 Kedungpring Lamongan.

H_1 = Media *Flash Foto Cita Sinambung* ngundhakake katrampilan nulis Teks Dheskripsi siswa kelas VII SMP Negeri 1 Kedungpring Lamongan.

Tabel 4.36

Analisis Asil *Efektifitas* Kelas Kontrol lan Kelas Eksperimen (Panliten II)

Kelas Kontrol					Kelas Eksperimen				
No	Biji Pre-test	Biji Post-test	X	X ²	No	Biji Pre-test	Biji Post-test	Y	Y ²
1	78	83	5	25	1	78	80	2	4
2	70	87	17	289	2	77	60	-17	289
3	61	72	11	121	3	79	83	4	16
4	70	75	5	25	4	75	90	15	225
5	71	82	11	121	5	76	88	12	144
6	74	85	11	121	6	80	80	0	0
7	76	75	-1	1	7	81	88	7	49

8	85	84	-1	1	8	79	97	18	324
9	71	88	17	289	9	66	89	23	529
10	66	74	8	64	10	61	88	27	729
11	-	-	-	-	11	76	90	14	196
12	78	80	2	2	12	69	89	10	100
13	75	86	11	121	13	85	92	7	49
14	76	82	6	36	14	66	85	19	361
15	84	85	1	1	15	76	92	16	256
16	76	79	3	9	16	73	78	5	25
17	-	-	-	-	17	-	-	-	-
18	76	81	5	5	18	75	80	5	25
19	78	83	5	25	19	80	88	3	9
20	63	72	9	81	20	78	89	11	121
21	77	81	4	16	21	47	75	28	748
22	77	80	3	9	22	60	83	23	529
23	76	78	2	4	23	73	85	12	144
24	76	83	7	49	24	70	80	10	100
25	80	81	1	1	25	79	85	6	36
26	64	81	17	289	26	64	93	29	841
27	73	78	5	25	27	70	88	18	324
28	80	80	0	0	28	75	87	12	144
29	75	76	1	1	29	73	89	16	256
30	-	-	-	-	30	80	92	12	144
31	-	-	-	-	31	83	89	6	36
Σ	2006	2171	165	1753	Σ	2204	2572	353	6789
Rat a- rat a	74,29	80,4	6,1	64,9		72,8	85,3	11,76	226,3

Cara ngitung *T-tessnifikan* kanthi langkah-langkah ing ngisor iki.

a. Ngitung Σx^2

$$Mx = \frac{\Sigma x}{N} = \frac{165}{29} = 5,63$$

$$\Sigma x^2 = \Sigma x^2 - \frac{(\Sigma x)^2}{N} = 1753 - \frac{(165)^2}{29} = \frac{27.225}{29} = 1753 - 938,7 = 814,3$$

b. Ngitung Σy^2

$$My = \frac{\Sigma y}{N} = \frac{353}{31} = 11,3$$

$$\Sigma y^2 = \Sigma y^2 - \frac{(\Sigma y)^2}{N} = 6789 - \frac{(353)^2}{31} = 6789 - \frac{124.609}{31} = 6789 - 4019,6 = 2769,3$$

c. Ngitung *T-test signifikan*

$$t = \frac{|Mx - My|}{\sqrt{\frac{(\Sigma x^2 + \Sigma y^2)}{Nx + Ny - 2} \left(\frac{1}{Nx} + \frac{1}{Ny} \right)}} = \frac{|814,3 - 2769,3|}{\sqrt{\frac{(165 + 353)}{29 + 31 - 2} \left(\frac{1}{29} + \frac{1}{31} \right)}} = \frac{1955}{\sqrt{\frac{418}{58} \left(\frac{60}{899} \right)}} = 18,11$$

3. Respon Siswa

Asil tanggapane siswa utawa respon siswa yaiku angket kang ditindakake kanggo mangerteni pambiji siswa tumrap panganggone media *Flash Foto Cita Sinambung*. Kanggo mangerteni biji tumrap panganggone media *flash* yaiku kanthi cara menehi angket respon siswa kang cacahane ana 10 pitakonan. Kanggo mangsuli angket kasebut siswa amung menehi tanda centhang ing kolom kang wis sumadya kanthi skor 1-3. Skor 1 ateges ora sarujuk, skor 2 ateges sarujuk lan skor 3 ateges sarujuk banget. Angket respon siswa disebarake ing kelas sampel kang nggunakake media flash sajrone pasinaon, kelas kasebut yaiku VII F minangka kelas uji instrument lan kelas VII A minangka kelas eksperimen.

Asile saka kelas uji instrument nuduhake yen antuk skor 747 kang rata-ratane 74,7. Persentasene antuk 922,22% kang rata-ratane 92,2%. Adhedhasar saka asil akhir itungan respon siswa nuduhake yen asil persentase saka kelas uji instrumen kalebu ing rentang tingkat pencapaian 81%-100% kang kagolong “apik banget”. Bisa

didudut yen medhia *Flash* Foto Crita Sinambung apik banget kanggo pasinaon nulis teks dheskripsi, semana uga siswa ngrasa luwih semangat lan seneng anggone nampa materi teks dheskripsi lan asile nulis teks dheskripsi luwih kasil kanthi nggunakake medhia *Flash* Foto Crita Sinambung tinimbang ora nggunakake medhia.

Banjur asile saka kelas uji eksperimen nuduhake yen antuk skor 850 kang rata-ratane 85. Persentasene antuk 923% kang rata-ratane 92,3%. Adhedhasar saka asil akhir itungan respon siswa nuduhake yen asil persentase saka kelas uji instrumen kalebu ing rentang tingkat pencapaian 81%-100% kang kagolong “apik banget”. Bisa didudut yen medhia *Flash* Foto Crita Sinambung apik banget kanggo ngundakake pasinaon nulis teks dheskripsi, semana uga siswa ngrasa luwih semangat lan seneng anggone nampa materi teks dheskripsi lan asile nulis teks dheskripsi luwih kasil kanthi nggunakake medhia *Flash* Foto Crita Sinambung tinimbang ora nggunakake medhia.

4. Pembahasan

Asil uji hipotesis iki ngandharake asil itungan saka asile pasinaon siswa kelas eksperimen lan kelas kontrol ing minggu kaping pindho. Asil itungan kasebut yaiku :

- (1) Pambandhingan asil *pre-test* lan *post-test* kelas eksperimen Panliten I.
Asil saka *pre-test* lan *post-test* kelas eksperimen ngasilake $t_{itung} = 11,241 \geq t_{tabel} (0,05 \text{ db}=30) = 2,042$. Adhedhasar asil pambandhing kelas eksperimen nuduhake yen signifikan, lan bisa didudut yen “ H_0 ditolak” lan “ H_1 ditampa”.
- (2) Pambandhingan asil *pre-test* lan *post-test* kelas eksperimen lan kelas kontrol Panliten I.
Asil saka *pre-test* lan *post-test* kelas eksperimen lan kelas kontrol ngasilake $t_{itung} = 9,36 \geq t_{tabel} (0,05 \text{ db}=55) = 2,004$.
- (3) Pambandhingan asil *pre-test* lan *post-test* kelas eksperimen panlite II.
Asil saka *pre-test* lan *post-test* kelas eksperimen ngasilake $t_{itung} = 8,811 \geq t_{tabel} (0,05 \text{ db}=26) = 2,056$. Adhedhasar asil pambandhing kelas eksperimen nuduhake yen signifikan, lan bisa didudut yen “ H_0 ditolak” lan “ H_1 ditampa”.
- (4) Pambandhingan asil *pre-test* lan *post-test* kelas eksperimen lan kelas kontrol panliten II.
Asil saka *pre-test* lan *post-test* kelas eksperimen lan kelas kontrol ngasilake $t_{itung} = 2,437 \geq t_{tabel} (0,05 \text{ db}=55) = 2,004$. Adhedhasar asil pambandhing kelas eksperimen lan kelas kontrol nuduhake yen asil kasebut signifikan, lan bisa didudut yen “ H_0 ditolak” lan “ H_1 ditampa”.

Adhedhasar asil pambandhing kelas eksperimen lan kelas kontrol ing panliten I lan II nuduhake yen asil kasebut signifikan, lan bisa didudut yen “ H_0 ditolak” lan “ H_1 ditampa”. Andharan asil uji hipotesis ing ndhuwur kasebut

nuduhake asil pambandhingan kang signifikan, “ H_0 ditolak” lan “ H_1 ditampa”. Mula bisa didudut yen pengembangan medhia *Flash* Foto Crita Sinambung ngundhakake katrampilan nulis teks dheskripsi siswa kelas VII SMP Negeri 1 Kedungpring, Lamongan. Saka asil uji coba kasebut nuduhake menawa uji coba medhia *Flash* Foto Crita Sinambung iki kasil lan wis apik.

PANUTUP

Adhedhasar asile panliten kang wis kaandharake sajrone bab IV, mula bisa didudut kaya mangkene:

1. Proses pengembangan medhia *Flash* Foto Crita Sinambung kang ditindakake nggunakake modhel pengembangan R&D (Research & Development). Modhel pengembangan iki nduweni tahapan kanggo ngembangake medhia *Flash* Foto Crita Sinambung yaiku potensi lan masalah, ngumpulake dhata, dhesain prodhuk, validhasi dhesain, revisi dhesain, uji coba prodhuk, revisi prodhuk, uji coba nganggo, revisi prodhuk, lan prodhuksi. Sadurunge ngrancang medhia *Flash* Foto Crita Sinambung panliti nindakake analisis kabutuhan siswa kanthi cara nyebar angket kabutuhan lan karakteristik siswa ing kelas sampel. Asil rata-rata biji angket kabutuhan lan karakteristik siswa saka kelas sampel kasebut antuk 2,36 yen dideleng ing tingkat pancapaian kalebu ing rentang 2,00 – 2,49 kang kualifikasine kagolong “Kurang njangkepi kompetensi”.
2. Asile validhasi ahli medhia kang wis ditindakake kaping loro yaiku sadurunge medhia direvisi lan sawise medhia direvisi. Asil pambijine adhedhasar aspek-aspek kang kudu ana sajrone medhia pasinaon. Asil presentase saka validhasi medhia yaiku antuk biji 70. Dideleng saka asile persentase kasebut, asil kwalitas medhia kalebu ing tingkat pancapaian 50% - 75% kang kualifikasine kagolong “apik”, saengga medhia pasinaon iki layak ditrapake ing pasinaon nulis.
3. Asile validhasi ahli materi kang wis ditindakake kaping loro uga, yaiku sadurunge medhia direvisi lan sawise medhia direvisi. Asil pambijine adhedhasar aspek-aspek kang ana saajrone ancasa pasinaon teks dheskripsi mligine nulis. Asil presentase saka validhasi materi yaiku antuk biji 94. Dideleng saka asile persentase kasebut, asil kwalitas materi sajrone medhia kasebut kalebu ing tingkat pencapaian 81% - 100% kang kualifikasine kagolong “apik banget”, saengga medhia *Flash* Foto Crita Sinambung iki layak ditrapake ing pasinaon nulis teks dheskripsi.
4. Asile uji coba kelas eksperimen lan kelas kontrol ing panliten I. Kelas eksperimen yaiku kelas kang nggunakake medhia *Flash* Foto

Crita Sinambung sajrone pasinaonane. Asil ing uji coba iki, *pre-test* lan *post-test* kelas eksperimen kang antuk $t_{itung} = 11,241$. Dene kelas kontrol yaiku kelas kang tanpa nggunakake medhia *Flash Foto Crita Sinambung* sajrone pasinaonane. Asil uji coba *pre-test* lan *post-test* kelas kontrol kang antuk $t_{itung} = 16,112$. Asile *efektifitas* kelas eksperimen lan kelas kontrol panliten I iki kang antuk $t_{itung} = 9,36 \geq t_{tabel} (0,05 \text{ db}=55) = 2,004$. Ateges asil t_{itung} kasebut *signifikan*. Dideleng saka asile pambandhing kasebut bisa didudut yen medhia *Flash Foto Crita Sinambung* bisa ngundhakake katrampilan nulis teks dheskripsi siswa kelas VII SMP Negeri 1 Kedungpring Lamongan.

5. Pambandhingan asil *pre-test* lan *post-test* kelas eksperimen panlite II. Asil saka *pre-test* lan *post-test* kelas eksperimen ngasilake $t_{itung} = 8,811 \geq t_{tabel} (0,05 \text{ db}=26) = 2,056$. Adhedhasar asil pambandhing kelas eksperimen nuduhake yen signifikan, lan bisa didudut yen “H0 ditolak” lan “H1 ditampa”. Pambandhingan asil *pre-test* lan *post-test* kelas eksperimen lan kelas kontrol panliten II. Asil saka *pre-test* lan *post-test* kelas eksperimen lan kelas kontrol ngasilake $t_{itung} = 2,437 \geq t_{tabel} (0,05 \text{ db}=55) = 2,004$. Adhedhasar asil pambandhing kelas eksperimen lan kelas kontrol nuduhake yen asil kasebut *signifikan*, lan bisa didudut yen “H0 ditolak” lan “H1 ditampa”.
6. Asil tanggapane siswa tumrap panganggone medhia *Flash Foto Crita Sinambung* ing kelas kang nggunakake medhia *Flash Foto Crita Sinambung* sajrone pasinaonane. Kelas kang wiwitan yaiku kelas uji instrumen kang antuk skor 747 kang biji rata-ratane 74,7, lan rata-rata persentasene antuk 92,2%. Adhedhasar saka asil itungan respon siswa ing kelas uji instrumen kalebu ing tingkat pencapaian 81% - 100% kang kualifikasine kagolong “apik banget”. Asil respon siswa kang kaping pindho yaiku asil saka kelas eksperimen kang antuk skor 850 kang rata-ratane 85,0, lan rata-rata persentasene antuk 92,3%. Adhedhasar saka asil itungan respon siswa ing kelas eksperimen kalebu ing tingkat pencapaian 81% - 100% kang kualifikasine kagolong “apik banget”. Yen dideleng saka asil respon siswa ing kelas uji instrumen lan kelas eksperimen bisa didudut yen medhia *Flash Foto Crita Sinambung* apik banget kanggo pasinaon nulis teks dheskripsi, semana uga siswa ngrasa luwih semangat lan seneng anggone nampa materi teks dheskripsi lan kanthi nggunakake medhia *Flash Foto Crita Sinambung* bisa luwih kasih anggone nulis teks dheskripsi tinimbang ora nggunakake medhia.

4. Pamrayoga

Adhedhasar asile panliti kang wis kaandharake ngasilake dudutan yen medhia *Flash Foto Crita Sinambung* kasebut bisa ngundhakake biji uga semangate siswa sajrone pasinaon Basa Jawa mligine nulis teks dheskripsi, saengga bisa ndadekake asile katrampilane siswa kang ana undhak-undhakane. Mula saka iku, medhia *Flash Foto Crita Sinambung* bisa dadi acuan tumrap para guru nalika arep mulang Basa Jawa, medhia iki uga bisa digunakake guru basa Indonesia utawa Guru liyane.

Panliten kang ditindakake isih adoh saka tembung sampurna, mula panulis nduweni pangajab supaya panliten sabanjure kang luwih apik, kreatif, lan inovatif supaya para siswa luwih seneng lan semangat nalika nampa pasinaon Basa Jawa, kanthi seneng lan semangate kang saya gedhe iku siswa dadi luwih gampang anggone nampa materi kang diandharake dening guru.

KAPUSTAKAN

- Alwi, Hasan, dkk. 2002. KBBI. Jakarta: Balai Pustaka
- Ansel Adam. 2018. *Pengertian dan jenis foto*. <http://sukagitu.com/pengertian-fotografi/> diunduh tanggal 18 Januari 2019
- Aqib, Zainal. 2008. *Penelitian Tindakan kelas untuk Guru SMP, SMA, dan SMK*. Bandung: Yrama Widya
- Arikunto, Suharsimi. 2006. *Prosedur Penelitian Suatu Pendekatan Praktik*, Jakarta : Rineka Cipta.
- Arsyad, Azhar. 2011. *Media Pembelajaran*. Jakarta: PT Raja Grafindo Persada.
- Basir, Udjang Pr. M. 2013. *Ketrampilan Menulis Dasar Menulis Ilmiah dalam Tulisan Latin dan Jawa (Pengantar Teori dan Praktik)*. Surabaya : Penerbit Bintang.
- Binanto, Iwan. 2010. *Multimedia Digital Dasar Teori dan Pengembangannya*. Penerbit: ANDI Yogyakarta
- Darmadi, Hamid. 2011. *Metode Penelitian Pendidikan*. Jakarta: Alfabeta
- Dwi Putra Jaya Finalis Inobel. 2015. *Jejak Gerak Guru Inspiratif*. Bojonegoro : Praktek Mandiri.
- Emi Sudarwati, Siswa-Siswi SMPN 1 Baureno. 2016. *INOVEL (Inovasi Pembelajaran Indonesia, Sistem Pendidikan Belanda, dan Karya Siswa Baureno)*. Bojonegoro : Dwi Putera Jaya
- Melvin L. Siberman. 2004. *Active Learning. 202 Cara Belajar Siswa Aktif*. Bandung: Nuansa dan Nusamedia
- Musfiqon, 2012. *Pengembangan Media dan Sumber Pembelajaran*. Jakarta : PT Prestasi Pustakaraya
- Navel, M. 2013. *Penelitian Pengembangan (Research Development)*.

- www.navelmangelap.wordpress.com.
Diunduh tanggal 20 Desember 2018
- Rahman, Muhammad Ian Sofyan Amri, 2013.
Strategi&desain Pengembangan Sistem Pembelajaran. Jakarta: Prestasi Pustakaraya
- Riduwan. 2013. *Dasar-dasar Statistika*. Bandung: Alfabeta
- Rustam dan Mundilarto. 2004. *Penelitian Tindakan Kelas*. Jakarta: Dirjen Dikti Depdiknas
- Sadiman, Arief S, dkk. 2010. *Media Pembelajaran : Pengertian Pengembangan, dan Pemanfaatannya*. Jakarta : PT Raja Grafindo Persada.
- Sasangka, Sry Satriya Tjatur Wisnu. 2010. *Unggah-Ungguh Bahasa Jawa*. Jakarta: Yayasan Paramalingua.
- Sudjana, Nana. 2005. *Penelitian Hasip Prose Belajar dan Mengajar*. Bandung: PT Remaja Rosdakarya
- Sugiyono. 2008. *Metode Penelitian Pendidikan: Pendekatan Kuantitatif, Kualitatif, dan R&D*. Bandung. Alfabeta
- Sukendro, Tresno. 2009. *Widya Basa Jawa Kanggo SMP lan MTS Kelas VII*. Penerbit: Erlangga
- Sukmadinata, Nana Syaodih, 2010. *Metode Penelitian Pendidikan*. Bandung: PT Remaja Rosdakarya
- Suyanto, M.2003. *Multimedia Alat Untuk Meningkatkan Keunggulan Bersaing*. Penerbit. ANDI Yogyakarta
- Tarigan, Henry Guntur. 2008. *Berbicara Sebagai Suatu Keterampilan Berbahasa*. Bandung: Angkasa.
- TIM Penulis. 2014. *Buku Pedoman Penulisan dan Ujian Skripsi Unesa*. Surabaya: Unesa.
- TIM. 2015. *Menulis Ilmiah: Buku Ajar MPK Bahasa Indonesia*. Edisi Revisi 2015. Surabaya: Unesa University Press.
- Winarsunu, Tulus. 2009. *Statistika Dalam Penelitian Psikologi & Pendidikan*. Malang: UMM Press.